



Pogram prè renouvlab pou ti biznis

Èske w vle grandi biznis ou nan Sid Florid?

Èske w bezwen lajan pou w fè biznis ou mache?

Èske w bezwen achte nouvo ekipman?



Sa kapab difisil pou anpil ti biznis nan rejyon an jwenn lajan prete pou fè biznis yo mache. Pou rezoud poblèm sa a, pwofesyonèl RLF ki nan SFRPC travay ansanm ak Administrasyon Devlopman ekonomik nan Biwo Komès peyi Etazini pou prete ti biznis ak mwayèn biznis lajan prete a yon enterè ki ba nan zòn Broward, Miami-Dade, epi Monroe.

RLF se yon òganizasyon yo te kreye depi 15 an, ki la pou prete ti biznis lajan nan rejyon sa a ki pa ka jwenn lajan prete nan men kote ki abitye prete biznis lajan.

Temwayaj



"Jeff mwen salye ou, m ap di ni wou ni Konsèy Planifikasyon Rejyonal nan Sid Florid la mèsi pou lajan yo te prete n an 2013 la. Nan epòk sa a nou pa t kab jwenn lajan prete nan kote ki abitye prete biznis lajan pou nou te kapab grandi biznis nou an epi pou nou te òganize yon ekip vandè pou konpayi nou an. Avèk lajan sa a yo te prete nou an nou te rive anplwaye yon vandè epi nou te pran sèvis yon konsiltan ki ede nou met sou pye yon sistèm pou nou vann, nou sèvi ak sistèm sa a jis jounen jodi a. Nou sot nan kategori yon ti biznis ki tap fè ti pwofi tanzantan pou nou vin nan nivo yon biznis k ap fè pwofi tout tan epi k ap re-vesti nan biznis la. Si se pa t pou lajan sa a yo te prete nou an, nou te kab pa ka realize vizyon sa a oswa kenbe anplwaye nou yo pandan pandemi a. M ap di w mèsi ankò pou jan ou te ede nou. Nou ta rekòmande sèvis Konsèy Planifikasyon Rejyonal Sid Florid la bay nenpòt moun ki ta nan menm sitiyasyon avè nou."

Mitch Welin, PDG/Prezidan
ComRes



Nou la pou nou ede w !!!

Òganizasyon "South Florida Regional Planning Council (SFRPC)" konnen meyè plan ekonomik pou rejyon an se kore antreprenè, kore ti biznis, kon sa yo va kreye travay epi kreye opòtinite pou moun ki rete nan Sid Florid.

Men kèk done

Valè lajan moun ka prete...

\$25,000 a \$500,000

Kondisyon pou prete lajan an...

Baze sou ki nesosite moun k ap prete lajan an genyen, kapasite li pou l remèt lajan an, epi valè lajan l ap prete.

To enterè a...

Y ap kalkile sa dapre risk moun nan ap pran.

Yo egzije yon garanti...

valè garanti y ap egzije moun bay va depann de montan prè RLF la epi sou valè risk biznis la ap pran. Tout moun ki posede 20% nan konpayi an ap gen pou yo bay yon garanti tou.

Klike la a pou w aplike

Lajan an disponib kounye a!!!

Konplete aplikasyon an epi prezante yon plan biznis ki konplè epi bay prè lajan ou gen labank, papye taks ou, epi estimasyon pou ekipman biznis la genyen, evaliyasyon tè ou posede, epi evaliyasyon lòt byen ki sou non biznis la.

Si w bezwen plis ransèyman kontakte:

Jeff Tart nan jtart@sfrpc.com

Alisha Lopez nan alopez@sfrpc.com

1 Oakwood Boulevard, Suite 250
Hollywood, Florida 33020
954.924.3653 (O)
954.924.9654 (F)
www.sfrperlf.org

SFRPC
South Florida Regional Planning Council
Proudly serving South Florida since 1974

